ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№31 (24.001) ● 2020 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Мэкъумэшыщ1эхэм къапэщыт лэжьыгъэхэм топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ К1уэк1уэ Казбек иджыблагъэ Нарткъалэ щрич1ысхь1эк1а зэ1ущ1эм щытепсэльыхьащ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм мэкъумэшыщ1эхэр зэрыхуэхьэзырым.

ЗЭ1УЩ1ЭМ хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и лэжьакІуэхэр, республикэм и муниципальнэ районхэм я щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, мэкъумэш хозяйствэм пыщІа федеральнэ Іэухущ1апІэу щІыналъэм щ1ы1эхэм, мэкъумэш предприятэхэм, мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм я унафэщІхэр.

Псалъэмакъым къыз1эрыхэщамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту къ1элэжь хадзэкІхэр езым хурокъуж. Нэгъабэ ельытауэ мэкъумэш продукцэу 2019 гъэм процентэ 5-кІэ нэхъыбэ кърахьэлІащ. Апхуэдэу КЪБР-м и Правительствэмрэ Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ Іэнатіэм зегъэужьыныкІэ къэрал программэр гъэзэщІэным тегъуауэ зэращ1ылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа къалэн псори нэсу зэфІагъэкІащ.

Илъэс куэд льандэрэ республикэм нартыху жылапхъэфІкІэ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм ящыщ куэд къызэрегъэпэщ. Нэгъабэ апхуэдэ гибрид жылапхъэу республикэм и адрыщІкІэ щащащ, нэгъуэщІ къэралхэм ирагъэщащ тонн мин 12-м щІигъу.

2019 гъэм псыр зыщІагъэльадэ щІыуэ гектар мини 9-м щІигъу зыхуей хуагъэзащ. А лэжьыгъэр адаК1эм къамыгъэтІасхъэу ирагъэк1уэкІынущ. Зэк1э къызэрабжамкІэ, 2020 гъэм гъавэ щагъэкІынущ гектар мин 281,8-м.

Иджыпсту республикэм и район псоми лэжьыгъэшхэу щок1уэкІ щІыр зыхуей хуэгъэззэным хуэунэтІауэ. Тафэ щІыпІэхэмрэ лъапэхэмрэ хиубыдэ жылагъуэхэм гъатхасэ къэкІыгъэхэр щытрасэу хуэежьащ. Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм щылапхъэфу, технику зыхуеинум хуэдиз яІэщ, гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэман к1ощІым зэфІагъэкІын папщІэ.

Зэ1ущІэм къыщаІэта Іэху нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ докладхэр ящІащ КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр **Сыжажэ Хь. Л.**, Аруан муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Ажий В. Хь.**, Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Журавлёв А. И.**, Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Муртазов В. С.**, мэкъумэш предприятэм и унафэщІ **Тумэ Р. Ш.**.

Зэ1ущІэм и пэ къихуэу К1уэк1уэ Казбек мэкъумэш предприятэ зыбжанэм щыІащ ик1и гъатхэ лэжьыгъэхэр зэрек1уэк1ым щыгъуазэ зищІащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и УнафэщІу ягъэувар утыку къращэ

УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ1ым и я1пэ къуэдзэ Серков Пётр УФ-м и Президентым 2020 гъэм мазаем и 20-м къыдигъэк1а Указымк1э КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ1у игъэувА Багъэтыр Олег и лэжьэгъуэхэм я пащхьэ къришащ.

МЫ 1УЭХУМ кърихьэлІат КЪБР-м и Іэтащхьэ К1уэк1уэ К. В., КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Т. Б., КЪБР-м кьегъэщІылІа генеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Т. Э., касацэ, апелляцІэ суд зыбжанэм я унафэщІхэр, Ингушэ Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм, Шэпэн Республикэм я Суд Нэхъыщхьэхэм, КЪБР-м и Конституцэ Судым, КЪБР-м и Арбитраж Судым я унафэщІхэр, хабзэхъуэ органхэм я щІыналъэ управленэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри.

КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ1у щІэуэ я1ыгъуэвар къызэхуэсахэм щыгурэщІыхьым, Серков Пётр жиІащ ар зыпэрыуа лэжьыгъэм зэрыхуэ1эк1уэльакІуэр, щІэныгъэ нэс зэрИэр.

К1уэк1уэ К. В. КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ1ым и къулыкъум пэрыувам ехьэхъуащ жуаулІыныгъэ ин зыпылъ Іэнатіэр тэмэму ирихьэкІыну, къыпэщыт кьалэнхэм ехьулІэну, къыхуагъэфэща дзыхьыр нэгъэсауэ къигъэпэжыну.

«Я лэжьыгъэм сыт хуэдэ гугъуехьхэр хэмылъми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и судыщІэхэм кьалэнхэр тэмэму зэрырахьэкІынур ди фІэщ мэхъу. Ар куэдкІэ ельытащ дэтхэнэри нэфІ-ней хэмыту и Іэнатіэм зэрыбгъэдэтым, хабзэм и мардэхэм тк1ий1уэ зэрытетым, гущІэгъуэ щ1ыхугъэрэ зэрыхэльым», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

А махуэ дыдэм К1уэк1уэ Казбек УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и Унафэщ1ым и я1пэ къуэдзэ Серков Пётр щхьэхуэу хуэзэри епсолъащ. КЪБР-м и Іэтащхьэм УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІхэм я гулъытэм папщІэ фІыщІэ яхуищІащ ик1и судыщІэхэм республикэм и унафэщІхэр хабзэ лъабжэ быдзм тету ядалэжьэну зэрыхьэзырыр кьыхиригъэщхьэхук1ащ.

К1уэк1уэ К. В. КЪБР-м Террорым пэщІэтынымкІэ и комиссэмрэ Оперативнэ штабымрэ я зэ1ущІэ ирегъэк1уэк1

Абы хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Т. Б., хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗЭ1УЩІЭМ щыхэплъащ республикэм жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ хабзэмрэ къыщызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ властым и республикэ, муниципальнэ органхэм ирагъэк1уэк1 лэжьыгъэм.

К1уэк1уэ Казбек къыхигъэщхьэхуК1ащ щІыпІэ унафэр зезыгъэк1уэ органхэр щІыхуэхэм зэпымыуу1уэ зэрапыщІар, ахэр зыхуэныкъуэхэм нэгъэсауэ зэрыщІагъуэзэр ик1и щІэпхъаджащІэхэм я мурадхэр къызэпыудыным и лъэныкъуэкІэ профилактикэ Іэхуэхэр нэхъ тэмэму зэрыдагъэкІыфынур. Республикэм и Іэтащхьэм апхуэдэу къызэхуэсахэм гу лъаригъэщтэ террорым пэщІэтынымкІэ муниципальнэ комиссэхэм я лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьэн зэрыхуейм.

А псоми къадэк1уэу жылагъуэхэм я Іэтащхьэхэм къапэщыт къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ щІыхуэхэм зэхэщІыкІыр къэІэтыныр, щІалэгъуалэм сыт и лъэныкъуэкІи ядэІэпыкъуныр. Кузд ельытащ щІыхуэхэр лэжьапІэкІэ къызэрызэгъэпэщам, абыхэм я псэукІэм.

Зэ1ущІэм къыщагъэлъэгъуа Іэухуэхэм ятеухуа докладхэр ящІащ КЪБР-м и министр **Къуэшырокъуэ З. Къ.**, КЪБР-м щІыІэ МВД-м и полицэм и унафэщІым и къуэдзэ **КІэрэф Р. Хь.**, Бахъсэн, Май, Іуащхьмахуэ, Шэрэдж районхэм, Налшык, Прохладнэ къалэ округхэм я щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий Къардэн Самир йохъуэхъу.

● Лъэпкъ Іуэху

Адыгэбзэм и гъащІэм къыпызыщэну Іэмалхэр

Гъатхэпэм и 14-м, Адыгэ тхыбзэм и махуэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Пэ1эзэщІак1уэ гупым я зи чэзу зэ1ущІэ Налшык щек1уэк1ащ.

АБЫ ХЭТАЩ Тырку, Иорданиие, Сирие къэралыгъуэхэм, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Ставрополь, Краснодар щІыналъэхэм щ1ы1э хасэ къудамэхэм я лЫыкІэхэр. Израильмрэ Европэмрэ видеозэпыщІэныгъэкІэ лэжьыгъэм хэтащ (коронавирусым и зэранкІэ щыпсэу къэралхэм кърагъэкІакъым).

Зэ1ущІэм кърихьэлІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, КЪБР-м Граждан жылагъуэ 1уэхущІапІэхэм ядэлэжьэныгъэ пІэлъпкъ 1уэхущхьмкІэ и министр **К1урашын Анзор**, ДАХ-м и Советым хэт, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфі1ыІэ Мухьэмэд**, Иорданием щы1э Адыгэ Фі1ыщІэ Хасэм и тхьэмадэу къыкІэлъыкІуэ пІалъэми лэжьыгъэ иджыблагъэ хахьжа нэхъыжьыфІ **Къардэн Самир**, Адыгэ жылагъуэ зэгугъэхьэгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуІу советым и тхьэмадэ **Къалмыкъ Жылэбий** сымэ, нэгъуэщІхэри. Абы и пэщІэдзэм ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къызэхуэсахэм Адыгэ тхыбзэм и махуэ лъапІэмкІэ ехьэхъури, бзэм и гъащІэм къыпызыщэну Іэмалхэм я гугъу ищІащ.

Илъэсыщ1эм и я1пэ мазищым ДАХ-м илэжьахэм, шапсыгЪхэм я «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм зэфІагъэкІэжам, «Анэдэлъхубзэр лъэпкъым и гупсэщ» проектыр зэрагъэзащІэм, абы ипкъ иткІэ лъпкъыр къызэщІигъэушэу иджыблагъэ ирагъэкІуэкІа «Адыгэ диктант» Іуэхугъуэм щытепсэльыхьащ абы. Къышщэнмыщ1ауэ, утыку кьрахьащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд игъэхьэзыру иджыблагъэ къыдагъэкІа «Черкесская диаспора. Панорама культурной жизни» тхыльыр.

Пэ1эзэщІак1уэ гупым къызэдащтащ ДАХ-р мы гъэм зэрылэжьэну планыр, Кавказ зауэр зэриухрэ илъэсэи 156-рэ щрикъум ирагъэкІуэкІыну Іуэхугъуэхэр, ди пІэлъпкъгъуэхэм я щІэблэр гъэмахуэм адэжь хэкум зыгъэпсэхуакІуэ къэушэныр, нэгъуэщІхэри.

Зэ1ущІэм щагъэльэпІащ «Адыгэ диктантыр» езыгъэк1уэкІахэмрэ ар «тхукІэ» зытхахэмрэ. Ди гуапэу къыхьидогъэщ ди редакцэм и лэжьакІуэ, Адыгейм щІыхь зи1э и журналистхэу Нэгъэпыдж Замирэрэ Щхьэщэмыщ1 Изэрэ абыхэм зэращ1ыщІар.

ДАХ-м и Пэ1эзэщІак1уэ гупым я зи чэзу зэ1ущІэм техуа тхыгъэ убгуа ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм язым фыкъыщІеджэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ гъатхэпэм и 12-м зи чэзу зэ1ущІэр иригъэк1уэк1ащ. Абы депутатхэр щыхэплъащ «Къэрал унафэр зэрызэрагъак1уэ Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр егъэфІак1уэным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхь зэхъуэк1ыныгъэм и Іуэхук1э УФ-м и Законым.

ЗЭ1УЩІЭМ псом япэу щыхахащ Бахъсэн районым и суд Іуэхущ1апІэ №95-м и зэзыгък1уэ хеящІэм и къулыкъум Молей Расул, Дзэлыкъуэ районым и суд Іуэхущ1апІэ №2-м - Шэрдан Чэрим.

ИужькІэ зэ1ущІэм Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу къыщІэтар къыгъэлъэгъуащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым.

- Зэрыфщ1эщи, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсымрэ Къэрал Думэмрэ хэпІъа нэужь, гъатхэпэм и 11-м къащтащ «Къэрал унафэр зэрызэрагъак1уэ Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр егъэфІак1уэным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхь зэхъуэк1ыныгъэм и Іуэхук1э УФ-м и Законым. Абы УФ-м и Президентым Іэ щытридзэнчэ къэралым и щІыналъэхэм щылажьэ хабзэгъэ Іуэхущ1апІэхэм я Іыхьэ щанІтым мынэхъ мащІэ ядэлэжьэну, - жиІащ **Егоровэ Татьянэ**.

КЪБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкІэ, къэрал уэхуэнымрэ щІыпІэ унафэр зегъэк1уэнымкІэ и комитетым и унафэщ1 **Мэлбахьэу Борис** дэфтэр нэхъыщхьэм халъхь зэхъуэк1ыныгъэхэм щытепсэльыхьым жиІащ УФ-м и Президентым и мурадыр Урысейм адэкІэ зэрызиужьыным жылагъуэри политикэ партхэри нэхъ жыджэру къыхэшэныр зэрыарар.

- Къэбгъэльагъуэмэ, Путин Владимир къыхилъхьа зэхъуэк1ыныгъэхэм я лъабжьэр иджыблагъэ абы УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэльэгъуаэращ, - жиІащ къэпсэльам. - Аэр зытеухуар цІыхухэм щІэпхъаК1ыным щІыпІым мынэхъ мащІэ ядэлэжьэну, - жиІащ **Егоровэ Татьянэ**.

КЪБР-м и Парламентым Законодательствэмкі, къэрал уэхуэнымрэ щІыпІэ унафэр зегъэк1уэнымкІэ и комитетым и унафэщ1 **Мэлбахьэу Борис** дэфтэр нэхъыщхьэм халъхь зэхъуэк1ыныгъэхэм щытепсэльыхьым жиІащ УФ-м и Президентым и мурадыр Урысейм адэкІэ зэрызиужьыным жылагъуэри политикэ партхэри нэхъ жыджэру къыхэшэныр зэрыарар.

- Къэбгъэльагъуэмэ, Путин Владимир къыхилъхьа зэхъуэк1ыныгъэхэм я лъабжьэр иджыблагъэ абы УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэльэгъуаэращ, - жиІащ къэпсэльам. - Аэр зытеухуар цІыхухэм щІэпхъаК1ыным щІыпІым мынэхъ мащІэ ядэлэжьэну, щІыналъэ унафэщІхэм я лэжьыгъэм Парламентхэр нэхъ набдзэгубдзаплъэу к1эльыгъэльплъынырщ, УФ-м и Президентым и кулыкъум увыну зыкъзэгъгъэльагъуэм и кьалэнхэр нэхъ тк1ий щІыныр щІ. Ди Конституцэм зиужьынымкІэ законопроектым мыхьэнэ ин зэрИэр къигъэльэгъуащ Федеральнэ Зэхуэсым и палатитІми хэтхэм я нэхъыбэр абы арэзы зэрытехъуам.

Зи гугъу ящІым теухуауэ зэ1ущІэм я Іуэху епльыкІэхэр къыщІэуэтащ КЪБР-м и Парламентым къыщыгъэльэгъуа политикэ партхэм я унафэщІхэм.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Афэщ1ащ1уэ Михаил** жиІащ зэхъуэк1ыныгъэхэр псом хуэмыдэу цІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, нэхъ мащІэ дыдэу кьахь улахуэр къэрал псом зэхуэдэу щыгъэувыным, пенсэм, социальнэ ахъшэм, нэгъуэщІ дэлэпыкъуныгъэхэм хэгъэхъуэным зэрытеухуар ик1и аэр фракцэм хэтхэм къэрал унафэщІым дагъэгыну зэрыхьэзыырыр.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Пащты Борис** къыхигъэщащ Іуэхум теухуауэ ирагъэк1уэкІа зэ1ущІэм къызэрыщащтар законопроектым щхьэкІэ Іэ щІэзытк1э зэрыгуитІщхьитІыр къагъэльагъуэну.

- Къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэм халъхь зэхъуэк1ыныгъэхэм я теухуауэ ди партым Іуэхугъуэ 40-м щІигъу къыхилъхьати, законопроектым етІуанэ ещанэгъуэу щыхэплъэм 13-р къыщалъытащ. Аэр теухуащ илъэсым ирыубыдэу нэхъ мыхъуми зэ пенсэм хагъэхъуэн зэрыхуейм, дэлэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм къэралым зэрызыщІигъакъуэм, нэгъуэщІхэми, - жиІащ «Захуагъэ здэщІыІэ Урысей» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Кебеков Владимир**.

ЛДПР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Безгодькэ Владимир** къыхигъэщащ Законыр дАІыгъуэ зэрыхьэзырыр, цІыхухэм я улахуэм хэгъахъуэнымрэ хуэныкъуэхэм защІэгъэкъуэнымкІэ, апхуэдэуи жылагъуэ зэхущытыкІэхэр - къэралым, хьэрычэтыщІэм, щхъуакІуэм я зэхуаку зэгурыІуэныгъэ дэлъым хуэдэу - егъэфІак1уэнымкІэ абы мыхьэнэшхъэ егъэзащІэри.

- 1993 гъэм и дыгъэгъазэм къащтауэ щыта УФ-м и Конституцэр тк1ийт, зэгъэзащат. Ауэ абы пІэндэрэ илъэс 27-рэ дэкІащ. Къэралым зиузэщІащ, сыт и лъэныкъэкІи щхьэхуит, нэхъ зызыужьхэм ящыщ хъуащ. Урысейм политикэм, экономикэм, социальнэ Іуэхухэм, щІыуэпсыр хъумэным зэрыщерІэк1уэну лэжьыгъэхэр иубзыхуагъэххэщ. Ди парт къудамэм набдзэгубдзаплъэу иджащ Урысеим и Президентым къыхилъхьа зэхъуэк1ыныгъэхэр ик1и дэтІыгъуну ди мурадщ, - жиІащ «Зелёнае» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **ЩхьэгъэпсО Сэфарбий**.

«Къэралым унафэр зэрызэрагъак1уэ Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр егъэфІак1уэным теухуауэ» Урысей Федерацэм и Конституцэм халъхь зэхъуэк1ыныгъэм и Іуэхук1э» УФ-м и Законыр къэщтэным екъэлІауэ депутатхэм Іэ я1эта нэужь, 53-р арэзы хъуащ, 9-м гуитІщхьитІу зыкъагъэльэгъуащ.

УФ-м и Конституцэм екъэлІауэ къыхалъхьэ зэхъуэк1ыныгъэхэм теухуауэ я Іуэху епльыкІэр къагъэльэгъуэнымкІэ къыщІэгъэпэща лэжьакІуэ гупым хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** жиІащ: «Мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэр къэщтэным КЪБР-м и Парламентым нобэ арэзы зэрыщытехъуам. Республикэм и хабзэгъэув Іуэхугъуэ щІыналъэхэм я щІыналъэ политикэ партитхэм хэтхэм ар дАІыгъащ, КПРФ-м гуитІ-щхьитІу зыкъагъэльэгъуащ. Апхуэдэу хъуми, псоми зэрыыІыуу Іэ1этыр зэрыраГъэк1уэкІар къыхэгъэщыпхъэщ. Дыщогугъ абы Къэбэрдей-Балъкъэрыи щыпсэуэхэм, къапщтэмэ, зэрыкъэралуи ф1ы къахуадэк1уэну. Къыщыпэмыщ1ауэ, гу лЫтапхъэщ, УФ-м и Конституцэм иджы япэу къыщ1эзрыщагъэльэгъуэнур лъэпкъ мащІэхэм я бзэхэм зэрызрагъэуэжьырыр. Ар дызыщыгуфІыкІын, къэдгъэсэбэлын хуей Іэмальэфщ1ыр».

Зэ1ущІэм арэзы щытехъуащ «Административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Кодексым зэхъуэк1ыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлІауэ», «Никитин зэхьэлъхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щемыгъэщэным теухуауэ» КЪБР-м и законхэм я проектхэм, дАІыгъащ фенилкетонурие узыфэм ирисымаджэ сабийхэм я ныбжьыр илъэс 18 хьуху я ныкъуэдыкъуагъэм щ1ыхьэт техьуэ тхьлъыр зэрыкъэрыр зэрыкъуэм теухуауэ КЪБР-м и Парламентым Урысей Федерацэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэлэпыкъуныгъэмкІэ и министрым зэрызыхуигъаззр.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** докладищІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэгъэув Іуэхущ1апІэм 2019 гъэм къищта законодательнэ дэфтэрхэм ятеухуауэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КЪБР-м и Парламентым

Къэралым и дэфтэр нэхъыщхьэр дАІыгъ

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 17, гъубж

♦Адыгэ Республикэм и парламентаризмэм и махуэ

♦1770 гъэм Ингушыр Урысей къэралыгъуэм хагъэхьащ.

♦1805 гъэм Дельпощэ Иван Къэбэрдейм пристав нэхъыщхьэу къагъэк1уащ.

♦1845 гъэм хьэфэтегъэкІ къыз1эригупсысам, ар зэрищІам щ1ыхьэт техьуэ тхьлъ инджылыз щІэныгъэлІ Перри Стивен къратащ.

♦1918 гъэм къыз1эІуахащ Тэрч щІыналъэм и лъэпкъхэм я II съездыр.

♦1960 гъэм дынейм щыяпэу Японием и тыкуэнхэм къыщІалъхьащ щхъуэк1эплъык1эу тхэ фломастерхэр.

♦1991 гъэм Совет Союзым щек1уэк1ащ СССР къэралыгъуэр къыз1этегъэнэным е ар зэбгрыгъэхьжьным теухуа референдум. СССР-м и тельхьэу къэуват щ1эупщІэныгъэм хэтахэм я процент 77-м щІигъу, арщхьэкІэ мыгувэу ар зэкъащ1эжащ.

♦1938 гъэм къалъхуащ Адыгейм и цІыхубэ суратыщІ **Дыгъужь Мыхьмуд**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэс мащІэ къыщ1ынур. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жащ1ым щІыІэр градус 1 - 2 щ1ыхьэнущ.

Гъатхэпэм и 18, бэрэжьей

♦Къырымыр Урысей Федерацэм щыхагъэхьэжа махуэщ. 2014 гъэм УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым и палатитІми захуигъэзащ Къырымыр ди къэралым щ1ыщ зэрыхьужам теухуауэ. ХытІыгуныкъуэм и лЫыкІуэхэм ящІыгъуу абдежми Іэ щытрадзащ Кърым Республикэмрэ Севастополь кьалэмрэ Урысей Федерацэм хэгъэхьэжыным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦1913 гъэм Налшык къыщыз1эухащ округым и лъэпкъхэм я I съездыр.

♦1931 гъэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къыщыщІагъэкІыу щІадзащ электроккъаруК1элажьэжьакІэупсыр.

♦1965 гъэм СССР-м и лётчик-космонавт Леонов Алексей «Восход-2» ракетэм ик1ри, хьэрш зэ1ухам я1пэ дыдэу хыхьащ.

♦1980 гъэм «Восход-2М» ракетэр Плесецк космодромым щаутІыпщыну щагъэхьэзырым къэуащ ик1и мафІэсышхуэ кьишащ. А насыпышагъэм цІыху 48-рэ хэк1уэдащ, нэхъыбжьым фэбжь хьэлъэ хахащ.

♦Къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессору щыта, Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зи1э и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и 4-нэ, 3-нэ нагъыщхьэхэр зыхуагъэфэща **Хъупсирокъуэ Хъызыр**.

♦1932 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьэ тхакІуэ **Шэджыхьэщ1э Хьэмыщ**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэс къыщІэсынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жащ1ым щІыІэр градус 1 - 2 щ1ыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ХЬЭТАУ Ислъамщ.

Лъэпкъ Іуащ1ыгъэ:

ЖамыІэ щыІэщи, ямыІуэтэж къэхъуркъым.

● Узыншагъэ

Сом мелуани 4 къаІэрохьэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Мишустин Михаил Іэ зыщІидза унафэм ипкъ иткІэ, фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ федеральнэ фондым и бюджетым къыхэкІыу щІыналъэхэм сом мелард 1,2-рэ хухахынущ.

АР ТРАГЪЭКІУЭДЭНУЩ цІыхухэм я узыншагъэр къыщапщытэкІэ лыых узыфэр зэрИэр къэзыхутэ, щІыналъэхэм щылажьэ медицинэ лэжьакІуэхэр гъэпэжэным - ахъшэр «зэрагъэгушхуэ Іыхьэу» я улахуэм хущІагъунущ. 2020 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым я Іуэхум хуэунэтІауэ къыІэрыхьэнущ сом мелуани 4.

Медицинэм и лэжьакІуэхэр ахъшэкІэ гъэпэжэнкІэ УФ-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм нэгъабэ гъэмахуэм къыхилъхьауэ щытащ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр хуэунэтІащ лыых узыфэр и чэзум къэхутэным дохутырхэм гулъытэ нэхъыбэ зэрыхурагъащІэным. ЗэрытщІэщи, абы щыгъуэм узыфэ шынагъуэм уплъэщ1ынымкІэ Іэмал нэхъыбэ яІэнущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъаз

2020 гъэм и я1пэ илъэс нык1уэм щІыхуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щ1ыщІадз зэманыр ихащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мэлыжьыхьым къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щ1ыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэмкІ.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 348-рэ к1эпІейк1э 15-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 13-м къыдигъэкІа унафэ №29-РГ-мкІэ къыщІащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщІалэм щыпэщІэтынымрэ абы зэрызиубгъум щыкІэлъыплъынымрэ япыщІа Іуэхухэр дэгъэкІынымкІэ оперативнэ штабым ХЭТХЭР

КІуэкІуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр *(оперативнэ штабым и и унафэщІ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іы (оперативнэ штабым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Пагуэ Ж. А. - ЩІэхуакІуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ щІыхум зэІуэпэщ псэукІэ къыхуэзгъэпэщынымрэ я Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІ *(оперативнэ штабым и унафэщІым и къуэдзэщ, зэгурыІуаУэ)*

Іэрэмысэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІэр

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр

Ахматов А. Хъ. - Узынщагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и ЩІыналъэ органым и унафэщІым *(зэгурыІуаУэ)*

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Іэхъуэбэч Щ. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ, энергетикэмкІэ, сатумкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Васильев С. С. - Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Воронин С. В. - Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Дыщэкі А. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъуэгу хэзыІэтэжмкІэ и министр

Къалэбатэ Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм уэхъунэмкІэ и министр *(оперативнэ штабым и секретарщ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Къумыкъу І. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхуэзэн зэрыщІэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр

Мэкъуауэ Т. Э. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къеГэщІыІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Меркулов Д. Е. - Ветеринар, фитосанитар кІэлъплъынымгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Павлов А. Л. - «Урысей Федерацэм Шынагъэншагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и Гънэпкъэхъумэ управленэ» федеральнэ къэрал кІэзонэ Іуэхущ*Іапі*эм и унафэщІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Павлов В. П. - къэралКІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Тату Къ. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъэншагъэмкІэ и советым и секретарыр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Хъубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ*Іы* и къуэдзэр

ЩоджэнцІыкіу М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэт туроркэмрэ туризмэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.

Анэдэлъхубзэр зи гупсэхэр

Бэрбэч ХьэтІытІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щкІуэкІащ хамэщІ къикІыу Хэкужьым еджакІуэ къэкІуа адыгэ щІалэгъуалэм я пшыхь іэгъуэгъэн. Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлІэу **къэзэрагъэпэща концертым и утыкур зыгъэбжьыфІахэм я адэжьхэм я бзэм шэщІауэ иримыпсэлъэфми, зэрыкъэкупсэм, зыщыщ лъэпкъым гукІэ зэрыкуэгъэзам узыІэпишэрт.**

«ТЫРКУМ, Сирием, Иорданием кьикІауэ ди университетым щІэныгъэрэ Іэщ*Іагъэрэ* щызэрагъэгъуэту адыгэ еджакІуэ 60-м нэблагъэ щІэсщ, - жеІэ ЦІыпІынэ Аслъэн и цІэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэмкІэ центрым и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я кандидат Езауэ Мадинэ. - Адыгэбзэр ззэзыгъэщІэну хуей ди лъэпкъэгъу щІалэгъуалэм папщІэ Центрым къыщызэдгъэпэщауэ курс щхьэхуэхэр диІэщ. Еджэным кІыдэхуэу щахущІыхьэ зэманым ирагъэхьалІэри, бзэр зэрагъэщІну цІыху 28-рэ къокІуэ. Абыхэм ядолажьэ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ кафедрэм и егъэджакІуэхэр. Иджыпсту дыкъызэсам и гугъу пщыІэмэ, еджакІэрэ тхэкІэрэ зымыщІэ абыхэм яхэтхъым, ауэ, нэхъ дызыщІугфІыкІыр араши, ахэр адыгэбзэкІэ я ныбжьыгъуэхэм епсэлъыпІэну, бзэр ягъэшэрыуэну иужь итщ.

Езауэр зыщыгуфІыкІ Іуэхугъуэм и щапхъэ дахэщ гъатхэпэм и 11-м хамэщІ къикІыжа щІалэгъуалэм зэхаша пшыхьыр. А махуэм абы къыщыщІауэ цІыхубзэм фІыуэ яльэгъуа узэрэдхэр, къыщыдджащ адыгэ узэхэм, щІагъэлъэгъуащ къафакэр, гушыІэ тепльэгъуэхэр. Дэгъэхэ зы теплъэгъуэми гур итхъэкъурт, нэхъугъэ гуэркІэ къызэщІиІэтэрт - зи хэкур зыбгынахэм я нурыр я щІэблэм къапхрыпс къыпщыхьурт.

ЩІалэгъуалэм я гукъыдэжьыр ядиІыгъуу, кърахьэжьа Іуэхуми нэхъри трагъэгушхуэу пшыхьыр ягъэдхэщ адыгэ дунейм фІыуэ щащІыху узэрэджьІакІуэ Бэч Азэмэтрэ «Бэрабзэ» гупымрэ.

Апхуэдэу, концертым кърихьэлІащ Тырким адыгэ хасэу итым я хасащхьэм (КАFFED-м) хэт тхьэмадэ гупыр. Ильэгъуамрэ зэхихамрэ кьаГэгъуащ къасащхьэ гуащэ Мамкэгъ-Рахъуэ Илдыз щІалэгъуалэм захуигъазэу жиІащ: «КъыщІэхъуэ щІэблэм адыгэбзэр яІэщІэхуу зэрыкІуэм нэхъ гухэщІыгъуэ диІэкъым. Бзэр уимыІэмэ, улъэпкъыжьхэуми, сыт хуэдиз Іуэху дахэ кьепхъэжьами, псэ хэмытым ещхь хъунущ. Дэркіэ уасэшхуэ иІэщ, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкІэ Хэкум къэкІуами, ди щІалэгъуалэр хэкужьым хуэдэу псалъэу тльагъуныр. Нобэ ди нэгу щІэвгъэкІар а хъуэпсапІэм хуэунэтІа зы лъэбакъуэщи, дыщогугъ абы нэхъри зиубгъуну, зиІэтыну. Льэпкъым щыщ дэтхэнэ зы цІыхури анэдэлъхубзэм фригупсэщ, езыри зи гупсэм ящыщ фыхъуну сыщІохъуэпс. Дыщылъэщыщ дыщыэжьуэтращи, дыззрыбгъэІыгъ».

ЦІыпІынэ Аслъэн и цІэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэмкІэ центрым къызэрихьэ пэщ Іуэхугъуэр адыгэбзэм и пщІэр къэІэтыным, льэпкъ щэнхабзэм щІалэгъуалэр дегъэхьэхыным, хэкурыгъэмрэ хамэщІ къикІыжа ныбжьыщІэхэмрэ нэІуасэ зэхуэщІыным хуэунэтІащ. Къыхилъхьэ дэтхэнэ зы гупыжми Центрыр хъарэзынэу польэщ. Апхуэдэщ, псальэм папщІэ, щІалэгъуалэ уэршэрхэр, щэнхабзэ щІэнІыгъэхэр. Центрым и гуащІэ хэпъщ Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлІэу студентхэр зыхэта «Адыгэ Іуэрыгъуэ» и къыщэгъэпэщынми.

ТАБЫЦ Мурат.

75

★ **Мы гъэм илъэси 120-рэ ирокъу си адэр къызэралъхурэ. Ар къызэрыгуэкІ лэжьакІуэжьу щытащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым зэрымыщІэкІэ гъэр хуэри, концлагерым куэдрэ исащ. Апхуэдэхэр хэкум и епцІыжакІуэу къалъытэу щытащ, абы и гъащІэ гугъуэсыгъум зыщыбгъэгъуэза нэужь, къыбгуроІуэ ар и хэкум епцІыжьым щыгъэтауэ, абы псэкІэ хуэпэжу зэрыщытар, лІэжьхуэри псэемыблэжу зэрыхуэлэжьар.**

СИ АДЭ Шыгъушэ Нурэ ПІатІэ и къуэр 1900 гъэм къалъхуащ. Хэку зауэшхуэр къызэрихьэфри куэд дэмыкІыу, ар дзэм ираджащ, ди анэм сабии 4 дыкъыхуигъанэри. Быным я нэхъыжьыр сэрати, 2-нэ классыр къэзухауэ а гъэм 3-нэм сыкІуэну арат. НэхъыщІэ дыдэр гущэхъуэт. Къалэхьхьым игъащІэм фІэмыкІа си адэр, фоч гъэуэкІэ дыдэ имыщІэу, зэман кІэщІкІэ Ростов къыщыхутащ. Газети радиои щыІэтэкъым, сыткІэ тщІэнт къэралыр гуэзвэгъэуэшхуэм зэрыхэтыр: къаруушхуэ зыхэлъ нэмыцэ фашистхэм Москва яубыдыну зэрелэр, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэтракъутэу, цІыхухэр зэтраукІэу зэрыкІуэцІрыкІыр. Ди адэр щІалэжьтэкъым, илъэс 41-рэ хъуат, тхэкІи еджэкІи ищІэртэкъым, щІэныгъэ зиІэхэм екъуапсэу псэуащ. Мазэ хуэдэ дэкІауэ, ди адэм и письмо щимахэ цІыкІу къытхуэкІуащ (тхэкІэ зыщІэ гуэрым кьригъэтхаэу арат) - ар дэркІэ гуфІэгъуэшхуэт. Ди адэм къитхырт: *«Сыфіщ, сызуынщэ, зауэм сыІуагъэхьэрэкъым, ухуакІуэ батальоным сыхэтщ, фламыщІ къыщІыдох. Фэ дауэ фыщІт. Сэ щхьэкІэ фымыгузавэ, бийм дытекІуэнщи, нобэ хуэдэу дынэкІуэжынщ. Хьет жевгъэІэ. Къэфтхьыж».* Арат къитхар, ауэ а тхыгъэ мащІэр дэркІэ куэд дыдэ хъурт, псом нэхърэ нэхъыщхьэрати, ди адэр псэут.

Зауэр махуэ къэс нэхъ гуащІэ хъуэрэр екІуэкІырт, нэмыцэр къэкІуэтэрт. Мазэ нэхъ дэмыкІыу ди адэм и етІуанэ письмори къытІэрыхьащ, иджы къыздритхыкІыр нэгъуэщІ щыпІэт - Харьковт. Мыбыи арат итыр: шахтэм щІагъэхьэрт. Абы и ужькІэ ди адэм зэи къитхыжакъым, абы и хьыбар льэпкъ дымыщІэу екІуэкІащ, зауэр иухьку. Ар дигу къэкІыкъ, къитхуэ щыта а письмо щимэ щІыкІуитІым деджэжу екІуэкІащ.

1942 гъэм и щыщхьэІу мазэм нэмыцэхэр кьуажэм къыщысым, ди адэм дыщыгугъыжьхэхакъым: дэ ди гугъащ ди къэралыр зэрыщыту яубыдауэ, ди адэри хэкІуэдауэ. Ди анэм ар гукІэ игъеижауэ, зэрыщыгугъыж щымыІэжу, бынхэр псэкІэ дызэщІипІэу, дихьымэу псэурт. Румынхэр захущыхьу кьуажэм дэт, джэд, гуэгуш хуэзэжу, къуажІыу, мыЗэрэхэс жыгъэр къафыщІу. Нартыху хадзэм дыдейхэр хэсти, абыхэм къахэуэрт. БжьІупэхэм зэхэуэшхуэ къыщыщыхьу щыІэт. Апхуэдэ зэхэуэ гуэр екІуэкІыу, ди анэм щІыуэм дришэхыну сабий жейр гущэм кьыхиха къудейуэ, пщІантІэм лагъымышхуэ къыдэхуэри къыщыуау. Абы и кьутахуэхэм ящщщ зым унэбжэр игуГуэнщ, гущэм и джабитІми пхыкІри, блыным хьэжакІ. Анэ гужьеІэм гущэм кьыхиха къудей сабийр кІэрыпэлу, дэри япэ диту щІыуэнэм дриІьэфхауэ щытащ. Дяпэ нэсауэ абы ист хьэблэ сабийхэри лЫжь-фызыжьхэри.

Фэндыкъуэ дэс ди зауэлІхэр нэмыцэм зэпымыч кьахэуэрт, езыхэри арат. Лагъымхэр зэрышхыу щытщхьэщыкІкІэ, цІыкІуи ини зэчыр жытІэрт, Тхьэм дельэІурт гуэзвэгъуэр тщІэщихыну. Тхьэм дызэхихырт икІи тщІэщихырт. Апхуэдэу, гуэзвэгъуэхэм дыхэмыкІыу, итхащ 1942 гъэм и щымахуэ ткІийр, ди ныбэ нэщІу, щыІэми дису. 1943 гъэм и щышылэ мазэм нэмыцэр ди щІынальэм игухужащ, ауэ зауэр иджыри илъэситІым щІигъуКІэ екІуэкІащ. Дапхуэдизрэ гугъу демыхьами, Тхьэм и фІыгъэкІэ, куэдыр зыгъэгуІа зауэм нэлатыр иухащ, унагъуэм псэ хэщІыныгъэ димыІэу. Ауэ щыхуэкІи, ди адэм и лІаи, и псэууи зэрыдмыщІэт. Зауэм кьелэхэр кьэкІуэжырт, Іэшэлъашэ хъуэхэри яхэту, хэкІуэдахэр ягъэижхэрт. Ди унагъуэм къытхуэхъэкІынур гуфІэгъуэми гуІэгъуэми дымыщІэу, ди адэм дежьэу дызэхэст. Унагъуэм къытщадэщІ хъыбар гуауэ гуэр хьэблэм къэсащ куэд дэмыкІыу. Хъыбарыр кьэзыхьар си адэм щыІгъуа гуэрт (Кьулъкъужьи зэрыщыщым фІэкІа, и цІи, и унэцІи сщІэжьыркъым). «Зэгъуэсу гъэрпІэм дисащ, иужьым хьэлъэу сымаджэ хъурт, абы иліыхьащ. Сэ си ажал къэлэжьащ. Ар Венгриием зэрыщыІам теухуауэ мыхэр жиІэжырт:

*«Махуэ гуэрым полицейр гъэрхэм тэрмэшкІэ къыдоупщІ, «пэшхьэкущІэ къыфхэт? - жеІэ. Сэ сымыващІэт, пхъащІэт, пэшхьэкуи схуэщІырт, ауэ сыкъаруунщІи, дзыхь сымыщІыщІэу, жысІащ а Іуэхум сызэрыхуэІэижьыр. Арати и уэнэм сишащ абы. Я щІыщІкІэ тІэкІу зызэгъэтхъэщІ, сегъашхэри, и пэшхьэкуи сыбгъэдзэщ. Пэшхьэкуи икудауэ ярати, сыкІэлъэлъпІэ, соГъэкъабзэ, мафІэ идощІэри допІэ. Бэлыхь хьужауэ къыщІокІ. «Хэгъэрейм» иГу ирихьащ «хьащІэм» си лэжьакІэр. Сызэрымыурысыр сыкъищІауэ кьызоупщІ: «Уэ уурыскъым, усыт лъэпкъ?» ЖызоІэ Кавказым зэрыщыщыр, сызэрышэрджэсыр. Абы хъэшэмэт (хозяйство) иІэт, Іэщ зэриухуэрт, шыізэкъуэгу зэщІащІаи иІэт. Абы кьызжеІэ, сыкуейм, сиГъэлажьэу и унэм сыщІигъэІэну, унэм щІэс и анэм и жыІащІэу, и Іуэхутхьабзащ*Іэу сыщытыну. Къалэн кьыщищІахэм къыщІегъэж сызэрагъэшхэну, сищыгъынхэр зэрызэблэзагъэхьунур. Сэ арэзы сыхъуащ - шхын щхьакІэ зызгъэлІэнт? Икіи абы сыщыщащ зауэр иухьку, я Іэщхэр яхузесхэу, жаІэжэр сщІэуэ. Си гупсысэхэм зэи хэкІыртэкъым си унагъуэр, щхьэгъуэсми уэсят хуэсщІыжырт: «Сынэмыкіуэжыфу си хьэдэр мыбы къыщыынэмэ, бынхэр уи анэмэтщ».

1945 гъэм и мазае мазэм советыдзэм Будапешт къалэр хуит къыщІыжа нэужь, абы щыІа гъэрхэри къатІупщыжащ. Абы теухауэ ясыджиІэжат мыр:

*«Гъэрпіэм исахэр зэхэгъэкІыпІэм дашэурэ къыдэупщІырт, ди Іуэху зэрыхъуа псори наІуэ къащыну. ЦІыхур Іуэт, псори хуэпІащІэрт я унагъэхэм. Чэзыр къыслъымыкъу пщІэдджыжьитІ-щыкІуэуэ, къэпщытакІуэхэм ящыщ щІалэщІэ гуэр, тутын ефэну къыщІэкІауэ къызбгъэдохэ. Ар урыстэкъым, напІэзэв гуэрт. Сэ си жьакІэ фІыщІэ зэщІэкІам нэхъри лІыжьыфэ къыстригъэуэу къыщІэкІынти, фІэгуэныхь сыхъуагъэнщ, къызоупщІ: «Какой нацэ, старик?» «Я гкэбэрдинц, Кафказ» - жэуап изот. Ар узбекыу къыщІэкІащ. Сэ къущхьэбзэ сщІэрт, пщыІэм къызэдгъэтеса къущхьэхэм сагъэзащІауэ, бзитІыр зэрызэтекуэм и фІыгъэкІэ си зауэ Іуэхур зэрекІуэкІа псори жеСІащ офицер щІалэм. А псори итхри, штабым щІэс офицерым зыгуэр жриІэри, тхылъымпІэ напэр и пащхьэм иритхьащ. Ар тхыгъэм еджэри, къыбгъэдэсхэм зыгуэр яжриІащ, сэ зыри къызэупщІакъым, учт сыкъызэращыжьам и щыхьэт тхылъ къызатри, сыкъыщІагъэкІыжащ. Уэбек щІалэм Кавказым ькакІуэ мафІэгум сыкъиГъэтІысхьэри, унэм сыкъэзыхьыжыну Іуэгуэм сытеувэжащ... Нобэми гуапэу сигу илъщ а узбек щІалэщІэм къысхуищІар. Гъащ*Іэ Тхъэм кърит. Арыншамэ, Сэлэфки сашауэ къыщІэкІынт. Дунейр къызэригъэщІэфыгъэ Іейрэ щыІэщ. Сэри цІыхуфІи цІыху Іейи сахуэзащ. Сытым дежи фІыр Іейм токІуэ Тхъэм и Іэмыркіэ, апхуэдэу мыхъуамэ, сыкэжІуэдат».

Тхылъ бзэи зымыщІэ си адэр апхуэдизу гуГуэхь иГэзэу Европэм къикІыжу псэуху къызэрытхуэжІэжар зи фІыщІэр, Алыхьым и ужькІэ, хэпъа къаурмрэ и фІэщъхьыгъэмрэщ. Ар къэкІуэжа нэужь мази 4-кІэ нэщІыжащ, нэмэз куэди ипшынэжащ, Тхьэм фІыщІэ хуищІу. Зы тхьэмахуи зимыГъэпсэжу и колхоз лэжьыгъэми пэрыувэжащ. Зэи зыми хуэшхыдакъым, къэхуа псори Тхьэ уэхыгъэу къиІытэрти. И щхьэр екьэхауэ лажьэу, и бын иплІыжу іІэжьыху дунейм тетащ.

Ди адэ-анэр илъэс 40-м щІигъкІэ зэдэпсэуащ, быни 6 дапІащ. Абыхэм я бынхэу, быныріыльхуэху, абыхэм я бныжьхэу ныбэ яІэпхъэ 48-рэ яхуэуэзынщэ. Ди адэри анэри колхозым щылэжьащ, трудоденым кьыпэкІуэ ГъавэмфІэкІа ямыльагъуу. ИтІани, бынхэр псори драгъэджащ, зыхуей дыхуагъэзащ, гъащІэм лъэ быдэкІэ дыхагъэуващ. Сэ сыщеджар зауэ, зауэ нэужь зэман хьэлъэхэращ. ЩыгъынкІэщІ, нэмбэ нэщІу сыщыстами, ехъулІэныгъэкІэ 1955 гъэм къэзухащ Къбэрдей дениститутым и физико-математикэ къудамэр. ИужькІэ школым егъэджакІуэу илъэс куэдкІэ сыщылэжакъым, пенсэ сытІысыжыкъу. Срогушхуэ езгъэджакэм: абыхэм яхэтщ Іэщ*Іагъэ* дахэ зиІэхэр, щІэныгъэ лъагэм и щыгум нэсыфэжэр. Си щхьэр лъагэу сагъэльагъэж, абыхэм гуапэу сэлам къыщызахкІэ, къыщыщсщІэупщІэкІэ.

Си тхыгъэм и кІэуэху мыри щІыгъужьнут: нобэми сигу кьеуэу сопсэу илъэс 50-м щІигъкІэ колхоз лэжьыгъэм пэрыта, зауэм и хьзаб куэд псэрэ къаурКІэ зыгъэву ди хутыныгъэм папщІэ илъэси 4-кІэ зауэ губгъуэм ита си адэм орден щыгъэтауэ, зы фІыщІэ тхьылъи къызэрыращ. Дапщэ хъурэ апхуэдэ лей зытехьахэр? Апхуэдэу щытми, си адэм сэ зэи сытеуКІытхьакъым: ар ІэмалыншагъэкІэ гъэрами, и хэкум зэи епцІыжакъым, щІыху пэжр, цІыхуфІу, гущІэгъуныуэ, псапэ илъжьу, цІыхум фІыуэ кьалъагъуу дунейм тетащ. Нобэми абы и цІэр фІыкІэ кьраІуэ зыщІэжхэм.

ЦІыхур лІа нэужь ешэр дунейм йохьжьри, ищІар кьонэ. Бынхэр, быныріыльхуэр дыщІэгъэшхуэ хэуэ куэд кьытринащ дунейм ди адэм.

ЩЫГЪУШЭ Алий,
ветеран,
Зэикъуэ къуажэ

● Хьэрш

Шынагъуэу зыщызрашэкІ

США-м и NASA Іуэхущ*Іапі*эм щылажьэ щІэныгъэлІэхэм уэгу жыжьэм и зы пІІанэпэм гу щыпъатащ галактикэ вагъуэ зэрыбгы абрагъуэу тІум гъунэгъу дыдэ зэрыщызэхуащІам. Астрономхэм яфІэшынагъэ я Іуэхугъуэр зэрекІуэкІкІэ къалъэгъащ ЩІым и хъуреягъыр езыр-езыру къэзылъэтыхь спутникым хэт обсерваторэм щыІэ Хаббл телескопымкІэ.

ЩІэныГъэлІхэм кьызэрахутамкІэ, хьэршым щызэхуэкІуэж галактикэхэр «Антеннэ» зи фІэщыгъэ нэгъуэщІ вагъуэ гупышхуэм и гъунэгъуущ. Нэхъапэм а тІур хабжэрт уэгу жыжьэм нэхъ «щыщізэмыхъунщІэ» къэщІыгъэ зэпІэзэрытхэм, абы кьыхэкІыуи, ахэр «я хьэл-щэнкІэ» ди Шыхулъагъэмэ (дыщыпсэу вагъуэ зэрыбыным) нэхъ ирагъэщхъэм ящыщу иджыри кьызідэсым кьекІуэкІащ.

Арщхьэкіэ, NASA-м кьызэріГъэпэщащ иужьрей кьэхутэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкІэ, зи гугъу тщІы вагъуэ зэрыбынхэм «сабыріфэ» ирапІыныр абдеж кьыщагъэнэжми хьунущ. Ар дэнэ хъэна, щІэныгъэлІхэм гу зэрыльатамкІэ, зэхьхьэжьи Іуэхур мы къэщІыгъэ ІтІым я дежкІэ хуабжьу «зыГъэсымаджэу» кьыщІэкІащ. Гъунэгъу щызэхуэхъум, а тІум я зэхуаку кьыдэхута вагъуэ зыбжанэр (дэтхэнэри ди Дыгъэм нэхърэ куэдкІэ нэхъ инщ) щыщ кьахэмынэу зэпкърыщщащ. Абыхэм я пІэкІэ галактикитІым я «гухъум» кьыдэунэхуКІащ гъуэзыпшэ гуэрэну зыщызыкъуэдия льагъуэ абрагъуэ. Абы, япэщІыкІэ плъыжькъуэ-дыщафэу, иужьым щІыхуфэ хъужаръ зыми хуумыгъэдэн теплъэ иІэу, щІэныгъэлІхэм закъригъэльэгъуащ.

Щ*І*ым и хъуреягъыр кьэзылъэтыхь спутникым щыІэ Хаббл телескопым мыбы хуэдэ Іуэхуэхэр уэгу жыжьэм зэрыщІекІуэкІым гу лъимытэнкІэ Іэмал иІакъым. Щ*І*кІэлъыплъым, хьэршым галактикитІ зэрыщізэхьхьэжьи игъэнаІуэу, нэхум и ультрафиолет спектрым кьытрищІыкІа видеотеплъэгъуэхэри трихащ.

ЩІэныгъэлІхэм кьызэрагъэлъэгъуамкІэ, уэгу пхыдзам Іупщ*І*рэ нэрылъагъуу зыщызэблэзыхьу плъыфэбэр и щыхьэтщ а щІыпІэм щыІэ вагъуэхэм я зэхуаку зэжьэхэуэныгъэ гуащІэхэр кьызэрыдэхьуэм, уеблэмэ «дыГъэщІэхэри» кьызэрыщІыунэхум.

ЦІУМАХУЭ Аслъэн.

И хэкум хуэпэжу си адэр

сатэхъыми, сыкъелащ», - кьыджиІат абы. Хъыбар гуауэр зыжраІар ди адэ къуэшырати, зыми жжримыІэфу, кьикІыкІ-никІукІыу кьуэдэ уэрамым дэтащ. Ар зэхэзыха фызыжь щІэзэхэти, кьытхукъуэпльэрэ, «тхьэщІыкІэ цІыкІуэх, адэншэу фыкъэнащ», - жаІэурэ ІуикІыжэрт. Махуэ зытІущ нэхъ дэмыкІыу аргуэру нэгъуэщІ хъыбар кьыпІэрыхьащ. Ари кьыт-хуэзыхьар ди адэ къуэшырати, япэрейр ибзыщІами, мыр ибзыщІынт, кьыдэпльадэри, кІийуэ жыджиІащ: «ФызогъэгуфІэ, фи адэр къокІуэж , гъуэгу тетщ». Мыр хъыбар пэжт...

КъытхуэкІуэжа ди адэм зыщыдмыгъэнщІу, бынхэр дыбгъэдэст: «Папэ къэкІуэжыпащ, зауэр иухащ, афІэкІа зауэм кІуэжыныкъым. Дяпэкіэ тщІынгъунущ!». Сэ илъэс 12 сихъуат, щІэзджэжауэ 5-нэ классым сыщеджэрт, Іейри фІыри кьызэгурыІуэ хъуат. «Сыт папэ ордени медали кьыщІрамытар? Кьыхуэмыхьхьауэ ара? ДамэтепІ дыдэ темыльу къэкІуэжащ, адрейхэм орден къахьащ, си классэгъуэм ауан сыкъащІынукъэ?» - сигукІэ зыхуэзгъэгусэу сеплъырт, фІыуэ кьысхуэмыщІыхуж си адэ жьакІацэм. Си адэм ильэгуамрэ и нэгу щІэкІамрэ кьытхуиІуэтэжа нэужьщ, папэ «дамэтелъ дыдэ темыльу» кьыщІэкІуэжар кьыщІэзгурыІуар.

Си адэр колхозым и уухакІуэ бригадэм щылэжьащ. Ар кьырууфІэу, бэшэчу щыташ. ЦІхьэхуимыт жьэхуаІэм хуэдэу, гъэмахуи щІымахуи лэжьащ, зэи зыгъэпсэкуГъуэ махуэ имыІэу. А щІалэ кьырууфІэр зауэр кьыщыхьеям щыгъуэ шахтэм яГъэкІуаХэм ящыщащ. Сэ сызыгуІуаКІэт нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм уатекІуэн папщІэ, зауэлІ нэмыщІ, абыхэм ейм ефІэкІыу Іэщэ кьыщІэзэгъэкІ заводыщІэхэр ухуэн зэрыхуейр, абы кьыхэкІкІэ фІамыщІи рудаи зэи ущыщІэ зэрымыхъунур. Арат щахтэхэри зауэлІхэм щІыхуагъащІэр. Ростови Донбасси щэр кьыщытельаЛъэу щылэжьакІуащ си адэр, кьалэн кьыщащІыр щІыхь пылъу игъэзащІэу. Си адэм тхьыльи бзэи имыщІами, хуабжьу гурыхуэу щытащ: абы ищІэжьыр зэдэщІа щІыпІэхэр, щыщІа зэманыр, илъагъуахэр, псом хуэмыдэу игъэза гугъуехьэр. Иджы абыхэм ящыщ гуэркІэм я гугъу фхуэсщІынщ.

1942 гъэм и гъэмахуэм ковгъэм Харьков щауфыбыдащ, ди зауэлІ куэд хэкІуэдащ, мин бжыгъэкІэ гъэри щыщхъуащ. Ди адэри а зэманым а щыпІэм гъэр щыхъащ. Шхын щхьэкІэ цІыху минхэр зэрылІыхьа нэмыцІэуэм ар зэман куэдкІэ исащ, пщылІым нэхърэ нэхъ Іейуэ яГъэлажьэу. Гъэрхэр щысхьыншэу кьрахуэкІырт, пщэдджьжьым жьыуэ ирахужьэрти, кІыфІ хъуху яГъэлажьэрт. Украинэм и ГъавэгъажьэУ, и бын ипІыжу іІэжьыху дунейм тетащ. Іуахьыж гъавэм щыщу кІэрыкуэр зэрыщІэнэу къащтэу едзэкъэну хуиттэкьым гъэр тхьэмыщІкІэхэр, апхуэдэ кьахэкІмэ, полицейр кьэсыри, башыр хьэлъэу и плІэм ирільхьэрт. Абы теухуауэ мис адэм щыхьэкІэжа зи фІыгъуэ:

*«ЦІыхьыншэу дагъэлажьэрт, дагъэшх щыІэтэхьым, Іэгум нэхьрэ нэхъ пІащІэу щІакхъуэ бзыгъэрэ борщ псыкІэ тІэкІуэрт кьыдатыр. Махуэ псом драмыгъэтІысхьэу дагъэлажьэрт, къэрмуикъэ хъуэ мылъэжьэ-жьыфэр яуклірт. Нобэми гуаузу сигу къокІыж: жэгундапкъэм дыздыкІуэцІрыкІым, щІалэщІэ гуэрым жэгундэ кІэрыхуар кьищтэри, тІэкІу Іэгуакіэ иІэщІри едзэкъати, полицейр къэсри башкІэ лІэнкъэнэну иубгъэжьащ, тхьэмыщІкІэр жэщым лІауэ нэху кьеІащ. Жэщ къэс гъэри 9-10-м нэс лІэрт, ахэр гукІэ дагъашэурэ, хьэдэ бамэмрэ къуанщІэ фІыщІэжьхэмрэ зыщыхьащІт мащІэм ирыдагъадзэрт. Полицейхэр украинт, ахэр нэмыцэм нэхърэ нэхъ Іеижт. Нэхъ зыхуэзфІэкІхэр зэкъуэхуэуэ шхапІэ цІыбагъымкІэ пщыхьащхьэм деКІуэкІыурэ, шхахуэхэр зэрадзэ яшычым пшхы хъуну кьэтпъытэ псори кьэитхырт, дыкъамыпІалъэу: къэбыстатафэ, жэгундафэ, кІэртІоФыфэ, лы зыкІэрымыпІыж къупщхэ, нэгъуэщІхэри. Ахэр ттхьащІырт, псы щІэткІэрти тшхырт. НЫбэм уимыгъащІэм щыІэкъым, шхын щхьэкІэ замыгъэпІэн папщІэ нэмыцэм ядэзэуэну Іуэм хъикІаи щыІэхэщ. Сэри кьызжаІат абыхэм сахьхьэну, ауэ яхуэздакъым, «Алыхьым имыІэкІэ, шхын щхьэкІэ сылІэми нэхъьфІщ, дыдейхэм сезэжэ нэхърэ», - жыс-Іэри. Къаруунщэ сыхъуат, ажалым сыпэпІэу, итІани, Тхьэм сыщІигъуэу сыпсэуну сеІэрт».

1943 гъэм и гъатхэм Украинэм ирашри гъэр куэд Венгриием и кьалащхьэ Будапешт яшащ. Абыхэм яхэтащ си адэр. Мыбыи щагъэлэжьащ. Ар Венгриием зэрыщыІам теухауэ мыхэр жиІэжырт:

*«Махуэ гуэрым полицейр гъэрхэм тэрмэшкІэ къыдоупщІ, «пэшхьэкущІэ къыфхэт? - жеІэ. Сэ сымыващІэт, пхъащІэт, пэшхьэкуи схуэщІырт, ауэ сыкъаруунщІи, дзыхь сымыщІыщІэу, жысІащ а Іуэхум сызэрыхуэІэижьыр. Арати и уэнэм сишащ абы. Я щІыщІкІэ тІэкІу зызэгъэтхъэщІ, сегъашхэри, и пэшхьэкуи сыбгъэдзэщ. Пэшхьэкуи икудауэ ярати, сыкІэлъэлъпІэ, соГъэкъабзэ, мафІэ идощІэри допІэ. Бэлыхь хьужауэ къыщІокІ. «Хэгъэрейм» иГу ирихьащ «хьащІэм» си лэжьакІэр. Сызэрымыурысыр сыкъищІауэ кьызоупщІ: «Уэ уурыскъым, усыт лъэпкъ?» ЖызоІэ Кавказым зэрыщыщыр, сызэрышэрджэсыр. Аб

• ДифI догъэлъапIэ

Театрым къыхуигъэщIа Юсупов Хьэмид



Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и актёр, илъэс 55-рэ хъуауэ гъуазджэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ хуэлажьэ Юсупов Хьэмид и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуащ.

ШЭНХАБЗЭМ зэрыхуэлажьэ зэманыр къызэщIэпкъуэжмэ, Юсупов Хьэмид роль нэхъыщхьэу 50-м щIигу къехъулIащ. Щепкин Михаил и цIэр зезыхьэ училищэм щыщIэсам къыщыщIэдзауэ, абы лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я ролхэр дзыхь къыхуащIырт. Къэбгъэлъагъуэмэ, Шекспир Уильям и тхыгъэм къытращIыкIа «Отелло» спектаклыр диплом лэжьыгъэу щагъэувым, лIыхъужь нэхъыщхьэм и роль гуГъу абы къыхэзрылъагъэсар гъэщIэгъуэнкъым.

Езы Хьэмид зэрыжиIэмкIэ, училищэм и япэ курсхэм зэрыщIэсрэ я ролым щIэхъуэпсырт, и ныбжькIи, сценэм щиIэ зэфIэкIымкIи ар хуэмыфащэу къыльытэжми. «Отелло» спектаклыр диплом лэжьыгъэу ягъэувыным Хьэмид и фIыгъэ мымащIи хэлъщ. Япэрауэ, Шекспир и пьесэр балъкъэрыбзэкIэ щыIэтэкъым. Юсуповыр Кулиев Къайсын елъэIуащ тхыгъэр балъкъэрыбзэм къригъэзэгъэну икIи къигъэщIэхъуакъым. УсакIуэ цIэрыцIэм ар фIы дыдэу къехъулIащ.

Дейкун Лидэрэ Благонравов Аркадийрэ зэдагъэува «Отелло» спектаклыр къыздашэри, Щепкиным и цIэр зезыхьэ еджапIэ нэхъыщхьэр къзэныуа балъкъэр студием 1963 гъэм Налшык къигъэзэжащ. Спектаклым щIэупщIэшхуэ иIаш, а зэманым лъэпкъ театрхэр цIыху кIуапIэу зэрыщытар къзбгъэлъагъуэмэ.

КъигъэщIа Отелло и ролыр къыщилъытэжкIэ, Юсупов Хьэмид ибзыщIыкъым абы и куугъэщIыкъ зэрыхуэзщIэмыкъуар, ауэ и гукъэкIыжхэмкIэ гурыIуэгъуэщ ар къызэрехъулIар цIыхубэм къалъытауэ зэрыщытар. Къаруушхуэ а лэжьыгъэм зэрыхилъхьар гурыIуэгъуэт. ИтIанэ, Хьэмид и ролым апхуэдизкIэ иувэрти, зи гъусэу сценэм щыджэгу, Дездемонэ и роль зыгъэзащIэ Кульбаевэ Элизэт пэж дыдэу зэгуэрым IэщIэтхьапэ пэтащ.

- Спектаклым екъулIэныгъэшхуэ щIиIам и щхьэусыгъуэр, - игу кьеГъэкIыж Юсупов Хьэмид, - а лэжьыгъэ тельыджэр япэу балъкъэрыбзэкIэ зыльэгъуа театрелъхэр къызэригъэIуБкъарц. Лэжьыгъэр абыхэм гурыIуэгъуэ ящыхъуащ икIи и хьэнэр фIыуэ зыхащIащ, и сюжетыр, къызэрыгуэкIыу плъагъу Отелло и хьэлыр абыхэм ягъэгунэгъути. «КъагъэпцIа» Iлым и щхьэгъусэр иукIыну щыхьэзыр теплъэгъуэр къыдэхъулIащ, ар апхуэдизу пэжу, щыхум я фIэщ хъууэ я пащхьэм щыдгъэлъэгъуати.

А зэманым театрелъхэм сценэм щалъагъур я фIэщ хъурт, спектаклым щыхэпсэлъыхь куэдри къэхъурт, езыхэр абы хэтым хуэдэу зыхащIэрти. Юсуповым и нэр зэгуэр иращI пэтащ, и лэжьыгъэм и зэранкIэ. БзаджащIэм и ролыр абы здигъэзащIэм, и нэр театрелъ щIалэ щIыкIым ирищI пэташ, идза мывэр техуэри.

Артистым дыхьэшхыу игу кьеГъэкIыж «Отелло» спектаклыр езыр зыщIипсэу Гундэлэн къуажэм щагъэлъэгъуа нэужь, къыбгъэдыхьа и адэшынпхъур ар утыкум щыджэгуным зэманышхуэ зэрытригъэкIуадэм иригузавэу и улахуэм зэрыщIэупщIар икIи ар зэрымащIэр къыщищIэм, и жагъуэ зэрыхуар.

- Уи къару уемыблэжу щIыхубэм уахуэлажьэ пэтми, апхуэдизу машIищ къыпэкIуэр, - игъэщIагъуэрт анэкъиплъуэ. - Апхуэдэ улахуэм урипсоуфынукъым. Театрелъхэм пщIэнпэу дигу умыгъэузу, цым селэжьнымкIэ къыздэIэпкъыуи, тIукIэ нэхъыбэ уэстынщ.

Театр Iэнатlэм пэжыжьэ щIыхуэхэм къагурыIуэркъым артистым цIэнэм щигъэзащIэ ролым къыхуихь гукъыдэжмрэ гушхуэныгъэмрэ. Езы Юсупов Хьэмид насыпышхуэу, гъащIэм и тыгъэу къельытэ Отелло и ролыр къызэрыхуагъэфэщар. Ноби ар щIохъуэпс Шекспир и тхыгъэхэм къыщигъэлъэгъуа дуней гъэщIагъуэным щыщ одраз телъыджэхэм къыхуэтэжыну, и лIыхъужь нэхъыщхьэр зэ утыку щигъэлъэгъуэжыну. Актёрыр мэгугъэ иджыри зэ гъащIэм ар къыщехъулIэну...

ФIыуэ илъагъу Iэщlагъэм пэрытыну Iэмал къеэзыта и гъащIэм хуэарэзыщ Юсуповыр.

- СыызэрыщIыкIырэ актёр лэжьыгъэм сыщIэхъуэпсыр, - игу къеГъэкIыж абы. - Араш школым и художественнэ самодеятельностым япэ классым къыщыщIэдзауэ сыщIэкIуэу щытар. Абы уэсэ сыкъыщеджэрт, уэрэд щыжысIэрт, театр теплъэгъуэхэм зэрысыбзэкIэ сыщыджэгурт.

А зэманым балъкъэрэр я щIыналъэм ирагъэзэпхъуэкIат, балъкъэрыбзэкIэ ягъэпсалъэртэкъым. Хьэмид и адэр къэпкъыкIэ лакти, Сталиным и унафэм тету, и унагъуэр ирамышу Гундэлэн къыдэнащ. Актёр Iэщlагъэм дихьэха щIалэ щIыкIур «Театр у микрофона» нэтыным зэ мыхъуми нэхъ блимыгъэкIыу еплъыт, оперэхэм едаIуэрт, кхуажэ клубым щагъэлажьэ кинохэм кIуэрт.

ЮСУПОВЫМ курыт еджапIэр 1958 гъэм къызэрихьуэу, Тырныауэ кIуащ, лэжьапIэ къилъыхъуэу, зыщIэхъуэпс актёр Iэщlагъэр къемыхъулIэну къилъытэри. Ауэ щIалэм и кIэн кьикIащ. Школыр къыщиуха гъэм, КъБАССР-м и Правительствэм и унафэкIэ, Балъкъэр къэрал драмэ театрым щыщIэхьэну артистхэр ягъэхьэзырын папщIэ, Налшык къэкIуащ Щепкиным и цIэр зезыхьэ училищэм и балъкъэр студием щрагъэджэну, зэфIэкI зиIэ щIалэгъуэр къемыхъулIэну къилъытэри. Ауэ щIалэм и кIэн къ

КIуэкIуэ Джэмалдин ягу къыщагъэкIыж

● Пшыхьэр

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ фIыуэ зыльагъуэкм папщIэ къыщызэрагъэпэща «Гум и макъ» клубым хэтхэм я зэхьхьэ щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор КIуэкIуэ Джэмалдин къыззэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъум. ЗэIущIэр и жэрдэмщ библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм и лэжьакIуэ нэхъыжь Безыр Ленэ.

ФЭЕПЛЪ зэхьхьэр щекIуэкI пэшым щагъэуващ «Бескорыстное служение науке» тхылъ дапхэр. Абы хагъэхьащ КIуэкIуэ Джэмалдин и къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр. Зэхьхьэм хэтхэм гъащIэгъуэн ящыхьащ 1966 гъэм КIуэкIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа «Кабардинские географические названия» лэжьыгъэр. Дауи, щIэщыгъуэщ ущалъхуа щIыналъэм и фIэщыгъэщIэхэр: щIыпIэщIэхэр, цIэ-унэцIэхэр, лъэпкъыщIэхэр, минералогиеи, уэгум и пкъыгъуэхэм, къэхуэкъащIэхэм зэреджэхэр. Абыхэм къызэщIагъбыдэ пIэпкъым и къекIуэкIыкIам, и хабзэм, и щэнхабзэм я нагъыщэ куэд.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм ягу къагъэкIыжащ ономастикэ унэтIныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа профессорым и гъащIэмрэ гуащIэмрэ. Абы егъэджэныгъэ-щIэныгъэ лэжьыгъэщэм щIигъу иткхащ. Апхуэдэхэщ «Къэбэрдей щIыпIэщIэхэр. Псалъалъэ кIэщI» (Налшык, 1966 гъэ). «Адыгэ (шэрджэс) антропонимием и Iуэхугъуэхэр» (Налшык, 1973 гъэ), «Адыгэ (шэрджэс) топонимие» (Налшык, 1974 гъэ), «Адыгэ (шэрджэс) ономастикэ» (доктор диссертацэ, 1975 гъэ). КъищынэмыщIауэ, КIуэкIуэ Джэмалдин ящыщщ къэбэрдей, шэрджэс школхэм 5 - 7-нэ классхэм урысыбзэр зэрадж тхылъыр (Налшык, 1964 гъэ), «Балъкъэр топонимикэ псалъалъэхэр» (Налшык, 1970 гъэ), «Къэбэрдей-урыс псалъалъэхэр» (М., 1975 гъэ), нэгъуэщI лэжьыгъэхэри зэхэзэрыльхьахэм. Ахэр къызэрыдэкIрэ илъэс куэд дэкIам, нобэр къыздэсым щIэупщIэшхуэ зиIэхэм хабжэ. КIуэкIуэм ономастикэм теуха и къэхутэныгъэхэр союзпсо, дунейпсо конференцэхэм, зэхьхьэхэм, конгрессхэм я утыку нихьэсащ. Абы и къэхутэныгъэхэр псом хуэмыдэжу нэхъ тригъэщIащ я къэхъукIэкъекIуэкIыкIэ епытауэ топонимистэм, этнонимхэр джыным, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм уазыщыхуэзэ адыгэ цIэ-унэцIэхэм я псалъалъэ зэхэлIыкIэхэр къэхутэным, ономастикэм и адрей Iуэхугъуэхэм ехьэлIауэ ди бзэм хэтхэр зэхуэхьэсыным.

КIуэкIуэ Джэмалдин я къызэгъэпэщакIуэт зэгъусэу ирагъэкIуэкIа экспедицэ куэдым икIи езым и гупсысэрэ хьэрычэткIэ, Кавказым, Урысейм, Украинэм я щIыпIэ куэд ономастикэр джын мурадкIэ къызэхэзыкIуэха щIэныгъэлIщ. Ауэ нэхъ гукъынэж хъуащ 1980 гъэм урысыбзэр джынымкIэ КъБКъУ-м и кафедрэм иригъэкIуэкIа бзэ щIэныгъэ экспедицэр. Абхъаз, абазэ, адыгэ ономастикэр джын мурадкIэ щыIа экспедицэм и унафэщIу щытари КIуэкIуэ Джэмалдинщ. Абы къызэригъэпэща экспедицэхэм, зэпичаГъуэгуанэкэ м, ищIа къэхутэныгъэхэм я ПIыгъэщ ди ономастикэм и Iэхэугъуэ нэхъыщхьэхэр щызэпэкърыхауэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Адыгэ (шэрджэс) ономастикэм щыщхэр» (Налшык, 1983 гъэ). Щхьэхуэу а тхылъым щызэпкърыхащ цIыхумрэ псэущхьэмрэ я пкъыгъуэцIэхэр кьежьапIэ зыхуэхъуа терминхэр.

Клубым и зэIущIэм жыджру хэтащ Псыгуэнсу къуажэм и курыт еджапIэ №2-мрэ Налшык къалэ и курыт школ №11-мрэ я гъэсэнхэр. Зэхьхьэм и хьэщIащ филологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент Къардэн Мусэдин.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Хъуэхъу

Гъатхэпэм и 15-м Джазэ (Шыгъуэшэ) Кулэ Тым и пхъум и ныбжьыр илъэс 90 ирикъуащ

Нэхъыжь Iумахуэм дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэу, ди лъэпкъым и жьантIэр игъэдахэу иджыри илъэс куэдкIэ ди япэ итыну.

УИ ПЩIЭМ хэхъуэу, нэхъыщIэхэм уращапхъэрэ уи чэнджэщхэм щIэдэIуу, уи гур хэзыгъахъуэр нэхъыбэу Тхъэм уигъэпсэу! Уи цIэр къраIуэмэ, лъэпкъыр дрипагэу, нанэ жьыщхьэ махуэ къыпхужаIэу уи илъэсищэр дгъэлъэпIэну, Тхьэр фIыгъуэкIэ къыпхуэупсэну ди гуапэщ.

ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэс Джазэ лъэпкъымрэ Адыгэхэм я нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэмрэ къабгъэдэкIыу

● Футбол

Ухэзыгъаплъэ щIэдзэжыкIэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Волгарь» (Астрахань) - 0:4 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 14-м. ЦIыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Къуэшыкъуэ, Шрамко, Ширко (псори Белореченск щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Сындыку, Белоусов, Запалацкий, Шумахуэ, Iэпщащэ (Iэщщк, 80), Клышэ, Дэхъу (Самахетдинов, 77), Хьэшыр, Машэжь (ХъутIэ, 76), Бацэ.

«Волгарь»: Саганович, Локтионов, Павлишин, Зенин, Пануковский, Жураблёв, Дыщкi, Хлебородов, Козлов, Бердников, Павловский (Бутенко, 46).

Топхэр дагъэкIащ: Хлебородовым, 24 (0:1). Бутенкэ, 51 (0:2), 76 (0:3), 84 (0:4).

Джэгум къыхахуащ: Шумахуэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр зэрызэпагъэуэрэ блэкIа мазиплIым нэблагъэм «Спартак-Налшыкым» Iэмал гъэзэджэ иIащ и Iуэхуэр зэригъэзэкIуэжыным телъжьэну, и къарур зэригъэубыдыжыну. Зэрыфэщэжщи, абы и пэ къыхуэу ди щIалэхэр 0:8-уэ «Алания»-м Владикавказ къыщыхигъэщIат, къигъэзэжри, Новороссийск и «Черноморец»-ри Налшык 0:2-уэ къыщефIэкIат. АрщхьэкIэ щэбэт кIуам щыIа зэIущIэм къызэригъэльэгъуащи, я щIэдзэжыкIэр хуабжьу ухэзыгъаплъэщ. Нэрылъагъущ зэлэжьыпхъэхэр иджыри я щхьэм къызэрысыр.

Джэгум и пэщIэдзэм «Спартак-Налшыкыр» иджыри мащIэу ныкъуэкъуащ, стадионым къекIуэлIа закъуэтIакъуэм я гукъыдэжыр къаIэтыну я мураду. АрщхьэкIэ апхуэдэу зэрекIуэкIар дакъикъэ тIощIкIэщ. А зэманым къриубыдэу къапэщIэтхэм зэфIэкIышхуэ зэрамыIэр зыльэгъуа хьэщIэхэм адэ-кIэ зыкъызэкъуахащ. Армырамы, зэхьэзэхуэм пащэныгъэр щызыIыгъыу Налшык къэкIуа «Волгарь»-р зыщыгугъыр текIуэныгъэрати, къаруушхуэкIэ апэкIэ кIуэтащ. Япэ къекIуэкIыгъуэм абыхэм ди щIалэхэр 6:0-у къызэрыхагъэщIар я напщIэм щIэлът. «Спартак-Налшыкым» апхуэдэ щытыкIэм зыри пигъэувыфакъым.

Iуэхур Iисраф дыдэ хъуащ джэгум и етIуанэ Iыхьэм. Абы и пэщIэдзэм щIалэхэм къахудигъэкIри, я гукъыдэжыр ириудыхьыпащ. А псом ищIыIужкIэ, топджэгум и хабзэр къызэпиудри, зэIущIэм къыхахауащ ди гъуащхьэхъуэмэхэм ящыщ Шумахуэр.

ЩыгъуазэфыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ мы гъэм япэу зэхэта джэгугъуэм кърикIуэ бжыгъэхэм: «**Урожай**» (Краснодар) - «**Интер**» (Черкесск) - **3:0**, «**Дружба**» (Мейкьуапэ) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **1:0**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **3:0**, «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **3:0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - **1:1**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **4:0**, «**Анжи**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **1:0**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» гъатхэпэм и 20-м Псыхуабэ щригъэкIуэкIынущ. А махуэм ар дэджэгуднущ абы и «Мэшыкъуэ-КМВ»-м.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Волгарь»	**19**	**16**	**2**	**1**	**45-7**	**50**
2. «Алания»	19	15	1	3	54-13	46
3. «Дружба»	19	10	4	5	29-26	34
4. «Черноморец»	19	10	3	6	40-22	33
5. «Динамо-Ставрополь»	19	8	3	8	31-25	27
6. «Легион Динамо»	19	7	6	6	18-21	27
7. «Мэхъэчкъалэ»	19	7	5	7	19-24	26
8. СКА	19	7	5	7	25-25	26
9. «Биолог-Новокубанск»	19	7	5	7	20-22	26
10.«Мэшыкъуэ-КМВ»	19	6	6	7	22-17	24
11.«Урожай»	19	5	5	9	22-37	20
12.«Интер»	19	5	5	9	24-38	20
13.«Спартак-Налшык»	**19**	**4**	**7**	**8**	**18-37**	**19**
14.«Краснодар-3»	19	5	3	11	19-38	18
15.«Анжи»	19	3	7	9	24-32	10 (-6)
16.«Спартак-Владикавказ»	**19**	**1**	**5**	**13**	**14-40**	**8**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Къэралым къыщалъыхъуэрт

Урысей МВД-м Май районым щиIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм Краснодар крайм щаубыдащ къэралым къыщалъыхъуэ, илъэс 59-рэ зи ныбжь, Анапэ районым щыпсэу цIыхухъур.

2020 ГЪЭМ и щIышылэ лъандэрэ ар хабзэхъумэжкм къалъыхъуэрт, Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ шэч хуащIу.

ХэщIыныгъэу сом мелуан 43-рэ

Республикэм и къалащхьэм и сату центрхэм я зым и унафэщI цIыхубзым гъатхэпэм и 3-м зыхуигъэзащ Урысей МВД-м Налшык къалэм щыIэ и управленэм и плъыр частым. Абы зэрыжиIамкIэ, а махуэм тыкуэным щIадыгъукIащ сом 43 500-рэ и уасэ щIыхухьу куртко.

КЪЭЛЪЫХЪУЭНЫГЪЭХЭР щрагъэкIуэкIым, зэрыкIэлъыплъ видеокамерэм итхари къагъэсэбэпри, Налшык къалэм щыIэ УМВД-м и лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр яубыхуащ. Абы икIи иткIэ, гъатхэпэм и 10-м яубыдащ нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 18 зи ныбжь нартканалэдэсыр. ЩIалэщIэм илэжьамкIэ зиумысыжащ, идыгуагъ зэрищари жиIащ.

Щэч зыхуащIым теуха уголовнэ Iуэху кIалэтащ УФ-м и УК-м и 158-нэ статьям икIи иткIэ. Яубыдар нэгъуэщI щIэпхъаджагъэхэм пыщIамэ зохагъэкI.

Наркотикхэм щызрахьэлIэрт

Шэджэм районым и полицейхэм къыщIагъэщащ наркотикхэмкIэр щызрахьэлIэн папщIэ цIыхухъум и псэупIэр и ныбжьэгъуэхэм хуит зэрахуищIар.

УРЫСЕЙ МВД-м Шэджэм районым щиIэ и къудамэм наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъныкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэхэмрэ полицэм и участковэ уполномоченнэхэмрэ къыщIагъэщащ илъэс 48-рэ зи ныбжь нартандэс цIыхухъум и псэупIэр наркотикхэкI зэзыхьэлIэнухэм хуит зэрахуищIыр. Полицейхэм зы мазэм къриубыдэу апхуэдэу 3 ятхащ.

Абы къыдэкIуэу, шэч зыхуащIым и псэуалъэр щыщIащыкIым къыкъуахащ къуэущыныфэ лъэужь гуэрхэр зиIэ гъущI фальэ цIыкIуэ полимер птуЛкIэрэ. Экспертхэм къызэралъытамкIэ, ахэр марихуанэ наркотикхэкIт.

Бысымым теуха уголовнэ Iуэху кIалэтащ УФ-м и УК-м и 232-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм икIи иткIэ икIи ар илъэсиплкIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Тхьлъыщ1э

ЛIыхъужьхэм ятеухуа напэкIуэцIыщIэхэр

«Герои 115-й кавалерийской дивизии» фIэщыгъэ иIэу дунейм къытехьащ КъБР-м щыIэ МВД-м и ветеранхэу милицэм и полковник Шипилов Валерийрэ къэрал кIэуцI къулыкъум и полковник Щоджэм Залымджэрийрэ къыдагъэкIа томитI хъу тхылъыщIэр.

ТХЫЛЪХЭР хуэхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лжьакIуэхэу Хэкур нэмыцI-фашист зэрыпхъуэкIуэхэм ящыхъумэным зи гуащIэ хэзылъхьахэм, апхуэдэуи правительствэм и дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм.

НапэкIуэцI 720-рэ хъу къыдэкIыгъуэм къызэIуех тхыдэм и зы напэкIуэцI гъэщIэгъуэн. Ар теухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр, 115-нэ зы дивизэм хэту, зэрапхъуакIуэхэм зэрапэщIэтам, топсэльыхь абы и лIыхъужьхэу ди Хэкум и хуитныгъэмрэ мамырыгъэмрэ зыхъумахэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Гу зытъытапхъэ

УФ-м и Президентым и егъэблэгъапIэм

УФ-м и Президентым и егъэблэгъапIэу КъБР-м щыIэм республикэм и прокурор Хабаров Николай гъатхэпэм и 27-м щаIущIэнущ я щхьэ Iуэхуки I э къекIуаIэхэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм и цIыхухэр я щхьэ IуэхуэхэмкIэ ирагъэблэгъэну Урысей Федерацэм и Президентым пщэрылъ къащищIахэу УФ-м и Президентым и Администрацэм 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м кьищта унафэ №1876-м щыгъэувахэм тету икIи Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм 2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м кьыдигъэкIа унафэ №А73-35рп-р игъэзащIэкIэрэ республикэм и прокурор Хабаров Николай ар зэфIигъэкIынущ.

КъБР-м и Прокуратурэ.

● Самбэ

Къэралым и чемпионатым къыщыхожаныкI

Чебоксары къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ самбэмкIэ Урысейм и чемпионат. Зэхьэзэхуэм и медалхэм щIэбэнащ щыналъэ 70-м икIа спортсмен 600-м щIигъу.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 74-м нэблагъэхэм я гуэлым щыбэна КъБР-м щыIэ УФСИН-м и лэжьакIуэ Къущхьэ Андемыркъан чемпионатым и домбеякъ медалыр кьихьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым дзюдомрэ самбэкIэ и школым и гъэсэн Къамбий Аслъэни зэхьэзэхуэм ещанэ увыпIэр щыщIихьащ. Зи хьэлъагъыр килограмми 100-м щIигъу спортсменыр Мэзкуу къалэм и цIэкIэ утыку къохьэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Дзюдо

Емкъуж Мухьэмэд и гъэсэным и текIуэныгъэ

Тюмень къалэм щекIуэкIащ дзюдомкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэ 61-м къикIа, зи ныбжьыр илъэс 23-рэ иримыкъу щIалэ, хъыджэбз цIыкIуу 500-м щIигъу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и япэ махуэм алэрыбгъуэм къытехьащ килограмм 66-м нэблагъэхэм я гупым щыбанэ Мисиров Исмахьил. ЗэкIэлъхьэужьу текIуэныгъипIл къэзыхьа Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменыр финал зэIущIэм щебэнащ Краснодар крайм кIыкIа Бурмистров Александр. И хьэрхуэрэгъуэ еплIанэ дагъуэ къыхуащIа нэужь, судьяхэм Мисировыр текIуэныгъэ къалъытащ.

Спортсменыр егъэсэ Урысейм щIыхь зиIэ и тренер Емкъуж Мухьэмэд.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Урысей гвардие

Ещанэ увыпIэм ирогуфIэ

Иджыблагъэ Черкесск къалэм щекIуэкIащ Урысей гвардием и Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ округым дзюдомкIэ и зэпеуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу абы хэта полицэм и лейтенант Мэш Рустам ещанэ увыпIэр къыщихьащ а зэхьэзэхуэм.

КАВКАЗ Ищхьэрэ федеральнэ округым и спортсмен нэхъ щхьэрызехьэ дыдэу 90-м щIигъу зыхэта зэпеуэм ди щIалэм къыщыхуагъэфэща саугъэтымрэ домбеякъ медалымрэ къритыжащ Урысей гвардием КИФЩЦ-м щиIэ къудамэм и унафэщIым и къудзэ, генерал-лейтенант Майстренкэ Владимир.

«Си насып къикIащ - Къэбэрдей-Балъкъэрым и ныпым сыщIэту зэпеуэшхуэм сыхэтащ. Ар щIыхьыпхуэщI», - жиIащ Мэш Рустам, зэIущIэм къыщыпсалъэм.

ФЫРЭ Анфисэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Мариноу (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариноу** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (ахуэп зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыдзкэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинм и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; ахуэп зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭЖХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхуцl апIэхэм ядолжжьнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтчэтхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1ап1эм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щыдрадзащ.
357600, Ставрополь край, БсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр яцIащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.152 ● Заказ №506